# Ózbekstan gúzarı boyındaǵı 39 kóp qabatlı turaq jaylar rekonstrukciyadan shıǵarıladı

Image not found or type unknown

Mámleketimiz basshısınıń Qaraqalpaqstan respublikasındaǵı bar bolǵan mashqalalardı tez pursatta saplastırıw baǵdarındaǵı kórsetpesine muwapıq Nókis qalası hám barlıq rayonlarǵa tiyisli ministrlik hám mákemelerdiń basshıları sonday-aq, bankler biriktirildi. Házirgi waqıtta biriktirilgen  ministrlik penen bankler birgelikte jumıslardı baslap jiberdi.

Atap aytqanda, Nókis qalasına Tashkent qalası hákimi hám “Asaka” akcionerlik kommerciyalıq banki biriktirilib, joybarlardıń prezintaciyası islep shıǵıldı. Bul Ózbekstan gúzarı boyındaǵı 39 kóp qabatlı turaq jaylardı zamanagóy talaplar tiykarında renovaciyadan shıǵarıw, 3,7 km. uzınlıqtaǵı kósheler boyında piyadalar hám velosiped jolın qurıw sıyaqlı joybarlardı óz ishine aladı.

Sociallıq-ekonomikalıq jaqtan rawajlanıw dárejesi tómen bolǵan Taxtakwpir, Bozataw hám Shomanay rayonlarında jámi 409 mlrd. sum muǵdarındaǵı qurılıs-ońlaw hám abadanlastırıw jumısları ámelge asırıladı.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti